

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis, jeung pedaran kamampuh nulis téks biantara siswa kelas X IIS 4 SMA Negeri 4 Cimahi taun ajaran 2015/2016 anu aya dina bab IV, bisa dicindekeun sababaraha hal ieu di handap:

- 1) Kamampuh nulis téks biantara siswa kelas X IIS 4 SMA Negeri 4 Cimahi taun ajaran 2015/2016 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Group Invéstigation* kawilang can mampuh, rata-rata peunteunna nya éta 62,96 tina KKM 75. Ditilik tina unggal aspék anu diujikeunna, siswa can mampuh dina raraga tulisan, mamanis basa, struktur kalimah, éjahan, jeung karapihan tulisan.
- 2) Kamampuh nulis téks biantara siswa kelas X IIS 4 SMA Negeri 4 Cimahi taun ajaran 2015/2016 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Invéstigation* kawilang mampuh. Ieu hal katitén tina hasil rata-rata peunteun *post-test* siswa sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Invéstigation* nya éta 80,86 tina KKM 75. Ditilik tina unggal aspék anu diujikeunna, siswa mampuh dina raraga tulisan, mamanis basa, struktur kalimah, éjahan, jeung karapihan tulisan. Dumasar kana hasil kamampuh awal jeung kamampuh ahir, yén kamampuh nulis téks biantara siswa kelas X IIS 4 SMA Negeri 4 Cimahi taun ajaran 2015/2016 ngaronjat tina can mampuh (62,96) jadi mampuh (80,86).
- 3) Aya bédha anu signifikan antara kamampuh nulis téks biantara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Invéstigation*. Jadi, modél pangajaran *Group Invéstigation* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara siswa kelas X IIS 4 SMA Negeri 4 Cimahi taun ajaran 2015/2016.

#### **5.2 Implikasi**

Modél pangajaran *Group Invéstigation* dilarapkeun dina pangajaran nulis téks biantara pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara siswa. Dilarapkeunana ieu modél meunang dukungan jeung aprésiasi anu hadé boh ti

siswa boh ti guru. Ieu hal bisa ditarima sacara *positif* dina pangajaran di sakola ku sabab prak-prakan dina ngalarapkeun modél *Group Invéstigation* kawilang leuwih ngirut jeung matak pikarespeun. Ayana modél *Group Invéstigation* jadi salah sahiji alesan pikeun siswa numuhkeun kaparigelanana dina pangajaran nulis téks biantara. Ieu modél téh ngadumaniskeun kamampuh nulis anu dibarengan ku suasana diajar nu matak pikarespeun, nya éta “diajar babarengan”, anu pasti siswa bakal leuwih gampang dina maham matéri, ogé nimbulkeun karep anu hadé nalika nulis téks biantara.

### 5.3 Rekomendasi

Sabada dilaksanakeunana panalungtikan modél pangajaran *Group Invéstigation* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara siswa kelas X IIS 4 SMA Negeri 4 Cimahi taun ajaran 2015/2016, aya sawatara rékoméndasi ieu di handap.

- 1) Modél pangajaran *Group Invéstigation* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara. Ku sabab kitu, ieu modél téh bisa dijadikeun salah sahiji *alternatif* pikeun guru dina pangajaran di kelas;
- 2) Ku lantaran ieu panalungtikan ngagunakeun kuasi ékspérimén, perlu diayakeun deui panalungtikan dina ékspérimén murni sangkan meunang ambahan anu leuwih lega;
- 3) Pikeun panalungtik satulunya dipiharep bisa leuwih asak dina ngararancang modél pangajaran *Group Invéstigation*;
- 4) Ayakeun modél-modél pangajaran séjenna nalika di kelas, hususna pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara siswa di SMA.